

I JEAN

¹ Sa ki te ye ✧depi kòmansman a, sa ke nou te tande, sa ke nou ✧te wè avèk zye nou yo, sa ke nou te byen konnen, epi te manyen avèk men nou yo, konsènan Pawòl Lavi a; ² epi ✧lavi te vin parèt pou l vizib e nou te wè l, epi tande l, epi pwoklame a nou menm ✧lavi etènèl la, ki te avèk Papa la, epi te fè parèt byen klè a nou.

³ Sa ke nou te wè epi ✧tande, nou pwoklame a nou menm osi ke nou kapab genyen ✧kominyon avèk nou. Konsa vrèman, kominyon nou se avèk Papa a, epi avèk Fis Li, Jésus Kri. ⁴ Epi ✧bagay sa yo nou ekri, pou ✧lajwa nou kapab vin konplèt.

⁵ Men mesaj la ke nou te tande a Li, epi te anonse a nou menm, ke ✧Bondye se limyè, epi nan Li nanpwen tenèb ditou.

⁶ ✧Si nou di ke nou gen kominyon avè Li, men nou mache nan tenèb la, nou ✧manti epi pa pratike laverite a. ⁷ Men si nou ✧mache nan limyè la, menm jan ke Li menm se nan limyè a, nou gen kominyon youn avèk lòt, epi san la a Jésus, Fis Li, netwaye nou de tout peche.✧

⁸ ✧Si nou di ke nou pa gen peche, n ap pase pwòp tèt nou nan desepsyon, epi ✧laverite a pa nan nou. ⁹ ✧Si nou konfese peche nou yo, Li se

✧ **1:1** Jn 1:1 ✧ **1:1** II Pi 1:16 ✧ **1:2** Jn 1:4 ✧ **1:2** Jn 10:28
 ✧ **1:3** Trav 4:20 ✧ **1:3** Jn 17:3,21 ✧ **1:4** I Jn 2:1 ✧ **1:4** Jn 3:29
 ✧ **1:5** I Tim 6:16 ✧ **1:6** Jn 8:12 ✧ **1:6** I Jn 2:4 ✧ **1:7** Esd 2:5
 ✧ **1:7** I Tim 6:16 ✧ **1:8** Job 15:14 ✧ **1:8** Jn 8:44
 ✧ **1:9** Sòm 32:5

fidèl epi jis pou padonnen nou peche nou yo, epi pou netwaye nou a tout mal.

¹⁰ Epi ✨si nou di ke nou pa peche, nou ✨fè Li menm yon mantè, epi pawòl Li pa nan nou.

2

¹ Pitit mwèn yo, m ap ekri nou bagay sa yo pou nou pa peche. Si nenpòt peche ✨nou gen yon avoka avèk Papa la, Jésus Kri sila ki dwat. ² Se Li menm ki sakrifis ekspiyatwa la pou peche nou yo, non sèlman pou nou, men ✨pou tout lemond lan.

³ Se konsa nou konnen ke nou gen tan konnen Li, si nou ✨kenbe kòmandman Li yo. ⁴ Sila ki di “Mwèn gen tan konnen Li,” men pa kenbe kòmandman Li yo, se yon ✨mantè, epi ✨laverite a pa nan li. ⁵ Men nenpòt ki ✨kenbe pawòl Li, nan li ✨lamou Bondye a vrèman gen tan vin konplete. Men ki jan nou konnen ke nou se nan li: ⁶ Sila ki di ke l ap ✨reste nan Li ta dwe, li menm, mache menm jan ke Li te mache.

⁷ Byeneme yo, mwèn p ap ekri yon kòmandman nèf a nou, men yon ansyen kòmandman ke nou te gen ✨depi kòmansman a. Lansyen kòmandman a se pawòl a ke nou te tandè depi kòmansman an. ⁸ Sou lòt men, m ap ekri nou yon kòmandman nèf, ki se vrè nan Li, epi nan nou, paske ✨tenèb la ap pase, epi vrè limyè la ap briye deja. ⁹ Sila ki di ke li nan limyè

✨ **1:10** Job 15:14 ✨ **1:10** I Jn 5:10 ✨ **2:1** Wo 8:34; Jn 14:16
 ✨ **2:2** Jn 4:42 ✨ **2:3** Jn 14:15 ✨ **2:4** I Jn 1:6 ✨ **2:4** I Jn 1:8
 ✨ **2:5** Jn 14:23 ✨ **2:5** I Jn 4:12 ✨ **2:6** Jn 15:4 ✨ **2:7** I Jn
 2:24 ✨ **2:8** Wo 13:12; Jn 1:9

la, men ✧rayi frè l se nan tenèb la jiska prezan. ¹⁰ ✧Sila ki renmen frè li se nan limyè la, epi pa gen kòz pou chite tonbe nan li. ¹¹ Men sila ki rayi frè li se nan tenèb la, epi mache nan tenèb la. Li pa konnen kote l ap w ale, paske tenèb la ✧fin fè l avèg.

¹² M ap ekri nou, ti moun yo, paske ✧peche nou yo gen tan padonnen pou kòz a non Li. ¹³ M ap ekri nou, papa yo, paske nou konnen Li ki te la depi kòmansman an. M ap ekri nou jenn nonm yo, paske ✧nou te vin gen viktwa la sou sila ki mechan. Mwen te ekri nou ti moun yo, paske nou konnen Papa a. ¹⁴ Mwen te ekri nou, papa yo, paske nou konnen Li ✧ki te la depi kòmansman a. Mwen te ekri nou jenn nonm yo paske nou ✧gen fòs, epi pawòl Bondye a reste nan nou, epi nou te vin gen viktwa sou sila ki mechan.

¹⁵ Pa renmen lemonn an, ni bagay yo ki nan lemonn an. ✧Si nenpòt renmen lemonn, lamou Papa a pa reste nan li. ¹⁶ Paske tout sa ki nan lemonn ✧lanvi lachè a, lanvi nan zye yo, ak lògey lavi la pa sòti nan Papa a, men nan lemonn sa. ¹⁷ ✧Men lemonn an disparèt avèk tout lanvi li yo, men sila ki fè volonte a Bondye ap viv jis pou janmen.

¹⁸ Pitit yo, se dènye lè. Menm jan ke nou te tande ke ✧antikris la ap vini ✧menm koulye a anpil antikris yo gen tan leve. Pou sa, nou

✧ **2:9** I Jn 2:11 ✧ **2:10** Jn 11:9 ✧ **2:11** II Kor 4:4 ✧ **2:12** Trav 13:38 ✧ **2:13** Jn 16:33 ✧ **2:14** I Jn 1:1 ✧ **2:14** Ef 6:10 ✧ **2:15** Jc 4:4 ✧ **2:16** Wo 13:14 ✧ **2:17** I Kor 7:31 ✧ **2:18** Mat 24:5,24 ✧ **2:18** Mc 13:22

konnen ke se dènye lè. ¹⁹ ✧Yo te sòti pami nou, men yo pa t vrèman nan nou, paske si yo te nan nou, yo t ap rete avèk nou. Men yo te sòti jis pou li ta kapab vin klè ke yo pa nan nou.

²⁰ Men nou menm gen lonksyon lan ki sòti nan ✧Sila ki Sen a, epi nou tout konnen sa. ²¹ Mwen pa t ekri nou akòz nou pa konnen verite a, men ✧paske nou konnen li, epi akòz ke okenn manti pa janm ✧sòti nan laverite a. ²² Kelès k ap manti, sòf ke ✧li menm ki demanti ke Jésus se Kris la. Sila se antikris la, sila ki refize Papa a ansanm ak Fis la. ²³ ✧Sila ki demanti Fis la pa gen Papa a. Sila ki konfese Fis la, anplis, gen Papa a.

²⁴ Pou nou menm, kite sa demere nan nou ke nou te tandè depi kòmansman a. Si sa nou te tandè depi kòmansman a demere nan nou, nou ✧va osi reste nan Fis la, ak Papa la. ²⁵ Epi ✧sa se pwomès la ke Li menm te fè nou, lavi etènèl.

²⁶ Bagay sa yo mwen te ekri nou konsènan sa yo ki ta eseye ✧pase nou nan desepsyon. ²⁷ Epi pou nou menm, lonksyon ke nou te resevwa a Li demere nan nou, epi nou pa gen bezwen pou pèsòn enstwi nou; men lonksyon Li ✧enstwi nou nan tout bagay. ✧Li se verite, epi pa janm nan manti, menm jan ke li te enstwi nou, demere nan Li. ²⁸ Epi koulye a, ti moun yo, reste nan Li, jis pou lè L ✧vin parèt, nou kapab gen konfyans epi pa vin piti ak wont lè Li vini. ²⁹ Si nou konnen

✧ 2:19 Trav 20:30 ✧ 2:20 Mc 1:24 ✧ 2:21 Jc 1:19 ✧ 2:21 Jn 8:44 ✧ 2:22 I Jn 4:3 ✧ 2:23 Jn 8:19 ✧ 2:24 Jn 14:23 ✧ 2:25 Jn 3:15 ✧ 2:26 I Jn 3:7 ✧ 2:27 Jn 14:26 ✧ 2:27 Jn 14:17 ✧ 2:28 I Jn 3:2; Mc 8:38

ke ✧Li dwat nèt, nou konnen osi ke tout moun ki pratike ladwati a se ne a Li.

3

¹ Gade ✧ki grand amou Papa a te bay nou ke nou ta vin rele ✧ti moun yo a Bondye! Konsa, se sa nou ye. Pou rezon sa lemonn pa rekonèt nou, paske li pa t rekonèt Li.

² Alò, chè zanmi yo, nou se ti moun a Bondye, epi li poko fin devwale ki sa n ap ye. Nou konnen ke ✧lè Li parèt nou va tankou Li, paske nou va ✧wè Li menm jan ke Li ye. ³ Epi tout moun ki gen ✧espwa sa sou Li, vin pi li menm, menm jan ak Li.

⁴ Epi tout moun ki pratike peche, transgrese lalwa. ✧Peche a se transgresyon lalwa. ⁵ Nou konnen ke Li te parèt pou Li ta kapab ✧retire peche yo, epi ✧nan Li pa gen peche. ⁶ Okenn moun ki rete nan Li ✧pa peche, men okenn ki viv nan peche pa t wè Li, ni yo pa konnen Li.

⁷ Ti moun yo, pa kite pèsòn ✧tronpe nou. ✧Sila ki pratike ladwati a se jis, menm jan ke Li jis. ⁸ Men sila ki pratike peche se ✧a dyab la, paske dyab la te peche depi kòmansman a. Fis la a Bondye te parèt pou rezon sila, ke Li ta kapab detwi zèv yo a dyab la.

⁹ Nanpwen pèsòn ki ✧ne a Bondye ki pratike peche paske jèm Li tou rete nan li, epi li pa kapab

✧ 2:29 Jn 7:18 ✧ 3:1 Jn 3:16 ✧ 3:1 Jn 1:12 ✧ 3:2 Wo 8:29
 ✧ 3:2 Jn 17:24 ✧ 3:3 Wo 15:12 ✧ 3:4 Wo 4:15 ✧ 3:5 Jn
 1:29 ✧ 3:5 II Kor 5:21 ✧ 3:6 I Jn 3:9 ✧ 3:7 I Jn 2:26 ✧ 3:7
 I Jn 2:29 ✧ 3:8 Jn 8:44 ✧ 3:9 Jn 1:13

peche, paske li ne a Bondye. ¹⁰ Selon sa ✨pitit yo a Bondye, ak pitit yo a dyab la se byen klè. Nenpòt ki pa pratike ladwati a pa a Bondye, ni sila ki pa renmen ✨frè li.

¹¹ Paske sa se mesaj la ke nou te tande depi kòmansman a ✨ke nou dwe renmen yon a lòt. ¹² Pa kon ✨Caïn, ki te apatyen a ✨mechan la, epi te asainen frè l. Men poukisa li te asainen li? Paske zèv li te mal, epi sa yo a frè l te jis.

¹³ Pa etonnen, frè yo, si ✨lemonn rayi nou.

¹⁴ Nou konnen ke nou ✨kite lanmò, epi antre nan lavi akòz ke nou renmen frè nou yo. Sila ki pa renmen, rete nan lanmò.

¹⁵ Nenpòt ki ✨rayi frè l se yon asasen. Epi nou konnen ke nanpwen asasen ki gen lavi etènèl a anndan li.

¹⁶ Men konsa nou rekonèt lamou; ke ✨Li te bay vi Li pou nou. Epi konsa, nou ta dwe bay vi nou yo pou frè nou yo. ¹⁷ Men ✨nenpòt ki gen byen yo a lemond sa, pou l wè frè l nan bezwen, epi ✨sere kè l kontre li, ki jan lamou Bondye kapab rete nan li? ¹⁸ Ti moun yo, pa kite nou renmen avèk pawòl, ni avèk lang, men nan zèv ak nan ✨verite.

¹⁹ Nou va rekonèt konsa ke nou se ✨nan laverite, epi va gen asirans nan kè nou devan Li: ²⁰ si kè nou kondannen nou, Bondye se bokou pi gran ke kè nou, epi Li konnen tout bagay.

✨ 3:10 Jn 1:12 ✨ 3:10 I Jn 2:9 ✨ 3:11 Jn 15:12 ✨ 3:12 Jen 4:8 ✨ 3:12 I Jn 2:13 ✨ 3:13 Jn 15:18 ✨ 3:14 Jn 5:24 ✨ 3:15 Mat 5:21 ✨ 3:16 Jn 10:11 ✨ 3:17 Jc 2:15 ✨ 3:17 Det 15:7 ✨ 3:18 II Jn 1 ✨ 3:19 I Jn 2:21

²¹ Byeneme yo, si kè nou pa kondannen nou, nou gen ✧konfyans devan Bondye. ²² Pou sa a, nenpòt ke nou mande, nou va resevwa de Li, paske nou ✧kenbe kòmandman Li yo, epi fè ✧bagay yo ki fè plezi devan zye Li yo.

²³ Men sa se kòmandman Li, ke nou ✧kwè nan ✧non lan a Fis Li, Jésus Kri, epi renmen yon ak lòt, kon Li te kòmande nou.

²⁴ Sila a ki ✧kenbe kòmandman Li yo, rete nan Li, epi Li rete nan li menm. Nou konnen konsa ke ✧Li rete nan nou, akoz Li te bay nou Lespri Li.

4

¹ Byeneme yo, pa kwè tout ✧lespri yo, men sonde yo pou wè si yo sòti nan Bondye, paske anpil fo pwofèt yo gen tan antre nan lemonn.

² Selon sa nou rekonèt Lespri Bondye a: ✧chak lespri ki ✧konfese ke Jésus Kri te vini nan lachè a sòti nan Bondye: ³ Epi chak lespri ki ✧pa konfese Jésus, pa sòti nan Bondye. Li menm se lespri antikris la, sou kilès nou te tandè ke l ap vini, epi ✧koulye a se deja nan lemonn lan.

⁴ Ti moun yo, nou se a Bondye, epi te ✧vankre fò lespri sa yo, paske pi gran se Li ki nan nou, pase ✧li ki nan lemonn an. ⁵ ✧Yo sòti nan lemonn an. Akoz sa yo pale tankou lemonn an, epi lemonn an koute yo.

✧ 3:21 I Jn 2:28 ✧ 3:22 I Jn 2:3 ✧ 3:22 Jn 8:29 ✧ 3:23 Jn 6:29 ✧ 3:23 Jn 1:12 ✧ 3:24 I Jn 2:3 ✧ 3:24 I Jn 2:5 ✧ 4:1 Jr 29:8 ✧ 4:2 I Kor 12:3 ✧ 4:2 I Jn 2:23 ✧ 4:3 I Jn 2:22 ✧ 4:3 II Tes 2:3-7 ✧ 4:4 I Jn 2:13 ✧ 4:4 Jn 12:31 ✧ 4:5 Jn 15:19

⁶ Nou se a Bondye: li ki konnen Bondye va koute nou. Li ki pa a Bondye p ap koute nou. Pa sa a nou konnen Lespri verite a ak Lespri la a sa ki fo.

⁷ Byeneme yo, kite nou ☆renmen yon a lòt, paske lamou se ne a Bondye, epi konnen Bondye.

⁸ Sila ki pa gen lamou, pa konnen Bondye, paske ☆Bondye se lamou.

⁹ Se konsa lamou Bondye te vin parèt nan nou; ke ☆Bondye te voye sèl Fis inik Li nan lemonn an pou nou ta kapab viv nan Li.

¹⁰ Nan sa se lamou; ☆pa ke nou te renmen Bondye, men ke Li te renmen nou, epi te voye Fis Li kon sakrifis pwopiyatwa (sèl sakrifis la ki te akseptab pou peche nou yo).

¹¹ Byeneme yo, si Bondye te renmen nou, ☆nou osi dwe renmen yon a lòt.

¹² ☆Pèsòn pa janm wè Bondye nan okenn tan. Si nou gen lamou youn pou lòt, Bondye rete nan nou, epi lamou Li vin konplete nan nou.

¹³ ☆Se konsa nou konnen ke nou rete nan Li epi Li nan nou, paske Li te bay nou Lespri Li.

¹⁴ Konsa, nou gen tan wè epi fè temwen ke Papa a te ☆voye Fis la kòm Sovè lemonn an.

¹⁵ Nenpòt ki konfese ke Jésus se Fis Bondye a, Bondye rete nan li, epi li nan Bondye. ¹⁶ Epi ☆nou vin konnen epi gen tan kwè lamou ke Bondye gen pou nou.

☆ **4:7** I Jn 3:11 ☆ **4:8** Jn 4:7,16 ☆ **4:9** Jn 3:16 ☆ **4:10** Wo 5:8,10 ☆ **4:11** I Jn 4:7 ☆ **4:12** Jn 1:18 ☆ **4:13** Wo 8:9 ☆ **4:14** Jn 3:17 ☆ **4:16** Jn 6:69

✧Bondye se lamou, epi sila ki rete nan lamou, rete nan Bondye epi Bondye rete nan li. ¹⁷ Se konsa, lamou vin pèfekte avèk nou, pou nou kapab gen ✧konfyans nan ✧jou jijman a; akòz ke menm jan Li ye, nou menm tou se konsa nou ye nan lemond sa.

¹⁸ Pa gen lakrent nan lamou; men ✧lamou pafè va mete lakrent deyò, paske lakrent gen pinisyon, men sila ki gen perèz pa pèfekte nan lamou.

¹⁹ ✧Nou renmen, paske premyèman Li te renmen nou.

²⁰ Si yon moun di ke li renmen Bondye, men li ✧rayi frè l, li se yon mantè; paske yon moun ki pa renmen frè l ke li kapab wè, pa kapab renmen Bondye ke li pa janm wè. ²¹ ✧Kòmandman sa a nou gen de Li, ke sila ki renmen Bondye, dwe renmen frè li tou.

5

¹ Nenpòt ki kwè ke Jésus se Kris la, se ne a Bondye. Nenpòt ki renmen Papa a, renmen sila ki ne de Li.

² Men konsa nou konnen ke ✧nou renmen pitit yo a Bondye, lè nou renmen Bondye, epi obeyi kòmandman Li yo. ³ Paske ✧se sa ki lamou pou Bondye, ke nou kenbe kòmandman Li yo. Kòmandman Li yo pa di.

⁴ Paske nenpòt ki ne a Bondye ✧ap vankre lemond an. Men viktwa la ki vankre lemond

✧ 4:16 I Jn 4:7,8 ✧ 4:17 I Jn 2:28 ✧ 4:17 Mat 10:15 ✧ 4:18 Wo 8:15 ✧ 4:19 I Jn 4:10 ✧ 4:20 I Jn 2:9,11 ✧ 4:21 Lev 19:18 ✧ 5:2 I Jn 3:14 ✧ 5:3 Jn 14:15 ✧ 5:4 I Jn 2:13

an—lafwa nou. ⁵ Kilès sila ki vankre lemonn an, sòf ke li ki ✨kwè ke Jésus se Fis la a Bondye?

⁶ Se Sila ki vini pa dlo ak san, Jésus Kri; pa sèlman avèk dlo, men avèk dlo ak san. Se Lespri la ki pote temwen, akòz se Lespri a ki verite. ⁷ Paske gen ✨twa ki bay temwen; ⁸ Lespri la, dlo la, ak san an; epi tout nan twa sa yo se an akò kon youn sèl.

⁹ ✨Si nou resevwa temwen lan a lòm, temwen Bondye a se pi gran. Paske temwen Bondye a se sa; ke Li te pote temwen konsènan Fis Li. ¹⁰ Sila ki kwè nan Fis a Lòm nan ✨gen temwen nan li menm. Men sila ki pa kwè Bondye te fè L yon mantè, akòz ke li pa kwè nan temwen lan ke Bondye pote konsènan Fis Li.

¹¹ Temwen la se sa: ke Bondye te bay nou ✨lavi etènèl a, epi ✨lavi sila se nan Fis Li. ¹² ✨Li ki gen Fis la, gen lavi. Li ki pa gen Fis la a Bondye pa gen lavi.

¹³ ✨Bagay sa yo mwen ekri a nou ki ✨kwè nan non lan a Fis Bondye a, pou nou kapab konnen ke nou gen lavi etènèl, e ke nou kapab kontinye kwè nan Fis Bondye a.

¹⁴ Sa se ✨konfyans ke nou gen devan Li; ke si nou mande nenpòt bagay selon volonte L, Li tande nou. ¹⁵ Epi si nou konnen ke Li tande nou nan nenpòt sa nou mande, nou konnen ke nou resevwa sa ke nou te mande de Li.

✨ 5:5 I Jn 4:15 ✨ 5:7 Mat 18:16 ✨ 5:9 Jn 5:34,37 ✨ 5:10 Wo 8:16 ✨ 5:11 I Jn 1:2 ✨ 5:11 Jn 1:4 ✨ 5:12 Jn 3:15,36 ✨ 5:13 Jn 20:31 ✨ 5:13 I Jn 3:23 ✨ 5:14 I Jn 2:28

16 Si nenpòt wè frè l ap fè yon peche ki pa mennen a lanmò ✨li va mande, epi Bondye va pou li menm, bay lavi a sa yo ki fè peche ki pa mennen a lanmò. Genyen yon peche ki mennen a lanmò. ✨Mwen pa di ke li dwe fè demann pou sila. 17 ✨Tout inikite se peche, epi gen peche ki pa mennen a lanmò.

18 Nou konnen ke ✨okenn ki ne a Bondye fè peche; men Li ki te ne a Bondye kenbe li menm, epi ✨mechan lan p ap touche li.

19 Nou konnen ke ✨nou menm se a Bondye, epi tout lemonn an rete nan pwisans lan a mechan an.

20 Nou konnen ke Fis Bondye a gen tan vini, e te ✨bay nou konprann pou nou ta kapab konnen Li ki se vrè. Konsa, nou nan Li ki se vrè, nan Fis Li, Jésus Kri. Sa se vrè Bondye a epi lavi etènèl a.

21 Ti moun yo, veye nou kontra ✨zidòl yo.

✨ 5:16 Jc 5:15 ✨ 5:16 Jr 7:16 ✨ 5:17 I Jn 3:4 ✨ 5:18 I Jn 3:9 ✨ 5:18 I Jn 2:13 ✨ 5:19 I Jn 4:6 ✨ 5:20 Luc 24:45 ✨ 5:21 I Kor 10:7,14

Bib Sen An **The Holy Bible in Haitian Creole, 2023 update**

copyright © 2017-2023 Ron Smith

Language: Kreyòl Ayisyen (Haitian)

Translation by: Ron Smith

Contributor: Felix Nixon

This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution Share-Alike license 4.0.

You have permission to share and redistribute this Bible translation in any format and to make reasonable revisions and adaptations of this translation, provided that:

You include the above copyright and source information.

If you make any changes to the text, you must indicate that you did so in a way that makes it clear that the original licensor is not necessarily endorsing your changes.

If you redistribute this text, you must distribute your contributions under the same license as the original.

Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

Note that in addition to the rules above, revising and adapting God's Word involves a great responsibility to be true to God's Word. See Revelation 22:18-19.

2024-04-26

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 26 Apr 2024 from source files dated 26 Apr 2024

10d5899e-31c7-5009-983b-ffc4788d2e5b